

MWARI VANOZIVIKANWA

NEHUNHU HwaVo

 Baba veKudenga, tinoKutendai nemukana wekutitungamirira kuno kuBeaumont, Texas, zvakare. Pandiri kutarisa kwese-kwese mumabharikoni aya, ndinorangerira nguva dzataive pano kumashure, nezvinhu zvikuru zvaMakaita, pasina kupokana vazhinji vevanhu ivavo vagere pano chaipo manheru ano. Dai Musina kunge makabata mitumbi yavo yairwara, vangadai vasiri pano manheru ano, asi Makadaro, uye vari pano. Ndangariro dzakawanda dzinoramba dziripo, dzichaenda dzose kunopinda muna Ziyendanakuenda pamwe nesu.

² Tinonamata kuti Mutipe kudururwa kukuru kweMweya. Tiropafadzei pamwe chete. Ropafadzai chechi yega-yega, nhengo yese.

³ Uye, Ishe, kunyanya ropafadzai hama yedu inodikanwa yechidiki pano, Hama Pearry Green, inofamba iri pamberi kuti iedze kubuditsa Izvi. Dai vanhu ve—vemuguta rino rakanaka vaona ma—manzwiro ane murume wechidiki uyu aainawo kuvanhu vari kuno, kuvaunza kuna Kristu waanoda. Uye ari kuedza kuunza shumiro yese yaangafunga kuti ingava yakanaka, yaakaongorora neShoko, uye anoda kuona vanhu vachiponeswa.

⁴ Tibatsirei, Baba, mukushingaira kwedu, patiri kuzvipira kwaMuri kuti tikushumirei, kuitira kukudzwa nekubwinya kwaMwari. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

⁵ Zvino, isu... chingorangerirai, manheru ega-ega zvino, unza mumwe munhu pamwe newe, kana kuti enda unofona uudze mumwe munhu, uye uudze mufundisi wese, chechi yega-yega. Zvisinei kuti iyo chii, kunyange vachitopesana nesu, chero bedzi uchikwanisa kupinda, wogara pasi, wozvibata uye wova wakanaka, zvirokwazvo tinokutenda nekuva pano.

⁶ Uye zvino huya neBhaibheri rako, huya nepenzura, nyora pasi zvinyorwa. Enda, unozvitsvaga, zviongorore neShoko uone kana zviri raiti kana kuti kwete. Maona? Uye usatore dzidziso yako yechitendero, ingoitira nenzira yazvakanyorwa muBhaibheri. Munoon, nguva zhinji tinogona kuti, “Rinoreva *izvi*, *izvi* ndizvo zvaRinoreva.” Mwari havadi mududziri upi zvake, Vanodudzira Shoko raVo pachaVo. Maona?

⁷ Mwari Vakati, “Ngakuve neChiedza,” chiedza chikavapo. Izvozo zvaisada—sada chero dudziro. Ivo... Zvakaitika nenzira

yaVakataura nayo. Vakati, “Mhandara ichabata mimba,” uye yakazviita. Izvozvo hazvidi dudziro ipi zvayo.

⁸ Mwari vakavimbisa zvimwe zvinhu zvezera rino zvinofanira kuitika! Vakazvitaure, hazvidi dudziro ipapo. Mwari vakataura kudaro, uye Vanodudzira, pachaVo, saka nokudaro Bhaibheri rakati haRina dudziro yepakavanda. Mwari vanodudzira Shoko raVo pachaVo nekuRisimbisa.

⁹ Zvino handizive kana tingasimuka tichiverenga Shoko raVo, kubva muBhuku raVaHebheru, chitsauko 1. Chikonzero chandinokukumbirai kuti musimuke, ndechekuremekedza Shoko iri. Ndinotenda kuti Shoko ndiMwari, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” ndiro dingindira rembuserere dzedu. Naizvozvo, patinoverenga iVo paVakadhindwa pano paShoko iri, tinomira. Patinovimbisa kuvimbika kumureza, kana mureza wedu wopfuura, tinomira mukuremekedza mureza wedu, nyika yedu, tinofanira kuzviita. Zvino, tinofanira kuwedzera kumirawo zvakadini patinoverenga Shoko raMwari! VaHebheru 1:1-3, patiri kuverenga:

Mwari, uyo panguva dzakare nenzira dzakasiyana-siyana akataura munguva dzakare kuna madzibaba nevaporofita,

Mumazuva ano ekupedzisira akataura kwatiri neMwanakomana wake, waakaita mudyi wenhaka pamusoro pezvinhu zvole, waakaitawo naye nyika;

Iye aive ari muchadzera chokubwinya kwake, nomufananidzo wake wakaraidzwa pazvima, uye anochengeta zvinhu zvole neshoko resimba rake, akati anatsa naiye pachake zvivi zvedu, akagara kuruoko rwerudyi rwoUmambo kumusoro;

¹⁰ Ngatinamatei. Vangani zvino, nemisoro nemoyo zvakakotamiswa, vangada kurangarirwa mumunamato, kuti kubudikidza nemusangano uno, pane imwe nzvimbo, Mwari vachakupa chikumbiro chako? Ingosimudza ruoko rwako. Ishe vanoona ruoko rwako.

¹¹ Baba vedu veKudenga, kusvika panogona kuonekwa nemaziso angu emunhu, panga paine maoko akawanda chaizvo. Chokwadi chizaruro chaHama Green nechishuwo changu chekuuya, zvanga zvakanaka. Zvino, Baba, vapei chishuwo chavo, maererano neShoko reNyu nevimbiso yeNyu. Tinovakumikidza kwaMuri. Uye dai hupenyu hwedu hwanyatsoenderana neShoko, kuti Shoko rigove nyama pakati pedu uye rigopa vanhu kutenda kwekutora kubva muakaundi yavo Kudenga, iyo Jesu akavagadzirira kare-kare, kuitira zvivi zvavo nehurwere, sezvo vari parwendo. Tiropafadzei

zvino, tinonamata, apo takamirira paMuri kuti muzarure kwatiri Shoko reNyu, nokuRiita nyama pakati pedu. Nokuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

Garai henyu pasi.

¹² Zvino ndingadai, kana mukangoedza kudaro, musafambafamba kunze kwekunge zvichitori nebasa, ndinoreva kusimuka nekuenda, kusvika pamaminitsi 45, 50 anotevera, zvimwe zvakada kudaro. Zvino, iyo—iyo str- . . .

¹³ Nyaya yacho ndeyi, tinoda kuziva kuti Chokwadi chii. Uye ndicho Chokwadi chimwe chete chandinoziva, iBhaibheri. Zvino, Mwari vachatonga nyika rimwe zuva, tinozvitando izvozvo, uye mumwe nemumwe wedu vanhu venyama achauzwa pamberi paVo kuti atongwe. Ndine zvinyorwa zvisvishoma zvakanorwa kunze kuno, neMagwaro andinoda kutaura nezvawo mumaminitsi mashoma.

¹⁴ Zvino rangarirai, kana ndikabvunza manheru ano, “Pane muKatorike here pano?”

“Hongu,” vaizodaro. Uye zvichida . . .

“Saka, Mwari vachatonga nyika nei?”

Vaizoti, “Chechi yeKatorike.”

¹⁵ Ndobva ndati, “Chechi ipi yeKatorike?” Havabvumirani. Pane kusawirirana kwakawanda. Mumwe muRoma, uye mumwe wacho muGiriki, nemuOrthodox, nevamwe vakadaro. Tine akawanda. Kana ndaizoti . . .

¹⁶ VeMethodisti vaizosimuka, voti, “Vachaitonga nechechi yeMethodisti.” Asika, kana zvakadaro, zvino muBaptisti haana mukana. Uye kana vakaitonga neBaptisti, zvino muMethodisti haana mukana.

¹⁷ Nekuti, rangarirai, kutaura zvisizvo kudiki kumwe chete kweShoko, rimwe chete (kwete rose, kwete vhesi rimwe chete rose), kachikamu kadiki kekusatenda Shoko, kakakonzera rufu rwese, kurwara kwese, kusuruvara kwese. Aiva Evha, mubindu reEdheni. Zvino kana zvese izvi zvakatorera izvozvo, zvemukadzi mumwe chete akatadza kunzwisa Shoko . . . Iye—iye haana kuzviita nemaune, aka “nyengerwa,” Bhaibheri rakadaro. “Kunyengerwa,” neShoko, zvakakonzera zvose izvi, zvino iwe neni hatisi kudzokera nechimwe chinhu chisiri Shoko rose.

¹⁸ Zvino, ndinotenda, Bhaibheri rinotaura kuti haVadaro, Handitendi kuti Mwari vachatonga nyika nechechi yePentekosti, neMethodisti, Baptisti, kana Katorike. Vachaitonga naJesu Kristu, Vakataura kudaro. Uye Kristu iShoko, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

¹⁹ Chinhu chacho chose ndicho Ziyendanakuenda guru. Ziyendanakuenda haana kumbotanga uye haambofi akaguma. Nokudaro, mune Uyo mukuru weKusingaperi maiva nezvizenga, zvekuva Baba, kuva Mwanakomana, kuva Muponesi, kuva Mupodzi, uye zvinhu zvose izvi zvaiva maVari. Uye chinhu choga chiri kuitika zvino, kuratidza zvizenga zvaVo. Ndizvo zvoga.

²⁰ Zvino, mazita edu akaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Zvino kana Shoko raro va izvozvo, kana chiri chiedza ipapo chakatemerwa kuHupenyu, Jesu akati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vatokweva, uye vose vaNdakapihwa naBaba vaNgu vachauya kwaNdiri.” Saka, munooni, iShoko, nguva dzose, Shoko, Shoko.

²¹ Zvino, ndinoda kutaura manheru ano pamusoro pechidzidzo, ndichitora kubva muchirevo chabva mugwaro rataverenga, *Mwari Vanozivikanwa Nehunhu HwaVo*.

²² Zvino, zvinhu zvizhinji zvatinoona zvinogona kuzivikanwa nehunhu hwazvo.

²³ Zvino, tinocherechedza, sehupenyu hwemhuka, ukatora sezvakaita muhupenyu hweshiri. Zvino, tora shiri yakaita seye—yellowhammer, painenge ichibhururuka, neJay bird, dzakafanana zvikuru. Asi hunhu hweyellowhammer, inofambisa mapapiro ayo yodzika, yobva yakwira nekudzika, yokwira nekudzika. Ndiho hunhu hwayo. Kana mukacherechedza, jay bird inobhururuka yakarerekera zvakananyanya kumutsara wenyuchi.

²⁴ Unotarisa chihuta pachinosimuka, bobwhite, kuti chinobhururuka sei. Tarisai chihuta cheGambel pachinosimuka, imi vavhimi. Munooni, pane mutsauko. Tarisai jacksnipe neWilson’s snipe, hunhu hwacho hunoratidza zvairi.

²⁵ Gwai guru rakamira parutivi pegomo, kana rakatendeudza musana waro, chikamu chekumashure chegumbo chichena, chimwe chikamu chipfumbu. Kana wanga usingazive hunhu hwegwai iroro, yaigona kunge iri nondo. Maona? Unoona, unofanira kuziva hunhu hwadzo, kuti ugoziva yacho neisiri. Zvinhu zvakaanda zvatingaenderera mberi ndichikuudza nezvehupenyu hwemhuka.

²⁶ Zvino tinouya zasi kuhupenyu hwemunhu, hunhu pakati pemurume nemudzimai. Pane musiyano. Vose vanhu, asi hunhu hwechirume nehwechidzimai hunovacherechedza. Ndaiverenga imwe nguva yakapfuura nezvechimwe chinhu chakaoma chakaiswa paku—pakuyedzwa kwaSoromoni, namambokadzi, kuti aiva nemamwe madzimai aive akapfeka sevarume. Zvino Soromoni akavaita kuti vafambe nekuita zvinhu zvisoma, nekukurumidza akati, “Aya madzimai.” Munooni, nekuti aigona kuona nenzira yavaiita nayo, kuti

hu—hunhu hwavo hwaive hwemadzimai. Pane chimwe chinhu pazviri, chokuti haukwanise kuchivanza, mu—mudzimai nokuti hunhu hwake—hwake hunomuratidza kuti mudzimai.

²⁷ Zvakangofanana nevanhu vanoshandisa ruoko rwerudyi neruoko rweruboshwe. Vese vari vaviri vanhu. Tarisa, mumwe wavo anoshandisa ruoko rwerudyi uye mumwe anoshandisa ruoko rweruboshwe. Tarisa nzira iyo hunhu hwavo hunovaridza, unogona kuona kana vachishandisa ruoko rwerudyi kana rweruboshwe kana kwete. Maona? Asi vese vane maoko, maoko ese maviri anotaridzika zvakangofanana chaizvo, zvakangofanana chaizvo.

²⁸ Ndingangodonzedzera chimwe chinhu chidiki pano. Jesu akati, muna Mateo, chitsauko 24, kuti, “Mumazuva ekupedzisira, mweya 2 iyi ichange iri pedyo nepedyo zvakananyanya kusvikira zvaizonzengera vasanangurwa dai zvaigoneka.”

²⁹ Zvino, zvakangofanana nekutarisa kuruoko rwerudyi neruoko rweruboshwe. Ose ari maviri ane chitswanya inda, minwe, nzara, tusiyanwa, minwe yepakati, zvimwe zvakadaro, munwe wekunongedza, yose minwe yakasiyana. Izvo, zvidhindo zveminwe zviri zviviri, chimwe bedzi chakangotendeukira kune rimwe divi uye chimwe kumwewo, zvose zvinodhinda zvimwe chete, zvakagadzirwa nenzira imwe chete, zvidhindo zveminwe. Zvese zvakafanana, musiyano chete uri pa hunhu hwazvo. Chimwe ruoko rweruboshwe uye chimwe ruoko rwerudyi, ndiwo musiyano bedzi.

³⁰ Uye ndizvo chaizvo zvichave zvakaita mweya muzuva rekupedzisira, icha, hunhu hwayo chete ndihwo hucharatidza kana uri waMwari kana kwete. Mumwe wayo unenge wakarurama uye mumwe wayo unenge wakatsveyama, unotozongouziva bedzi nehunhu hwaMwari. Zvakangonyatsokwana, zvinotongofanira kuva nenzira iyoyo. Asi ruoko rwerudyi, tingati “ndirwo rwuri raiti,” uye ruoko rweruboshwe “rwakatsveyama,” munoona, kana kuapesanisa, rumwe rwacho. Anozivikanwa nehunhu hwawo. Unogona kurwuziva bedzi nehunhu hwarwo.

³¹ Apo Israeri yakanga iri murwendo rwayo, ichikwidza kubva muEgipita. Zvino, Mwari vaiva neIsraeri, Vakanga vavaratidza chiratidzo chikuru zasi ikoko, vakatumira muporofita kwavari uye akazivisa Shoko raVo rakanyorwa. Zvino paVakavaunza, tinoona hunhu hwaVo, kuti Vakasangana sei naMosesi, zvinhu zvaVakaita. Uye pane yake. . . nzira achikwira, vakasvika kune rumwe rudzi, rwaiva Moabhu. Zvino Moabhu yaive nyika huru, zvino, kwete yevahedheni, kwete zvachose. Vaiva vana vevanasikana vaRoti, uye vaive vatendi. Zvino, tarisai marudzi 2 aya. Rimwe rawo rudzi rwunozivikanwa, rimwe racho rinongova mutorwa. Uye zvino vakasvika panzvimbo iyo rudzi

rukuru urwu rweMoabhu rwaive chaimo munzira yavo yebasa, yokuenda kunyika yechipikirwa. Zvino vaiva . . .

³² Tarisai marudzi ma—maviri aya, rimwe nerimwe rawo raiva nemuporofita. Mumwe wavo aive mudzidzisi mukuru nemuporofita, Bharamu. Mumwe wacho aiva Mosesi. Zvino Bharamu akadzika achibva . . . kuzotuka Israeri.

³³ Uye, cherechedzai, vose vari vaviri vaitenda zvepamavambo zvirokwazvo. Muporofita, vanotenda zvepamavambo kubva kuna Bharamu, akati, “Ndivakirei maartari 7,” ndiyo chaiyo nhamba yaMwari. “Uye wopira paartari imwe neimwe chibayiro chakachena, nzombe,” icho chaingovawo chibayiro chimwe chete chavaiva nacho mumusasa weIsraeri. Uye akati, “Paartari imwe neimwe pirai gondohwe,” zvichitaura nezvekuuya kwaKristu. Zvino zasi muIsraeri vakapirisa chipiriso chimwe chetecho.

³⁴ Maartari mamwe chete, Mwari mumwe chete, asi mumwe wacho akanga akatsveyama uye mumwe wacho akanga akarurama. Uye zvino nzira chete yawaigona kuziva kuti ndeupi . . . Pazvakasvika, pane zvepamavambo, kuShoko, vese vari vaviri vakanga vari raiti. Asi, munoona, mumwe, zvinangwa zvake zvakange zvakaipa, aiedza kubvisa hama yake kubva mumutsara wevimbiso yaakanga apihwa naMwari.

³⁵ Chimwe chinhu, wacho, muporofita waBharamu, aitenda zvepamavambo, asi muporofita Mosesi akazivikanwa nehunhu hwaMwari. Paiva neShongwe yeMoto, Chiedza chemweya chaive chakambera pamusoro pavo. Uye paiva nekupodzwa kukuru mumusasa wavo, Mwari vemweya achiratidza zviratidzo zvemweya. Uye vairamba vachitevera Shoko rechipikirwa iro Mwari vakapa Abrahama kare panguva iyo marudzi ese ari maviri akatanga. Asi, zvino, Mosesi aiva nevimbiso yaAbrahama, achienda kunyika yechipikirwa. Bharamu, muporofita waShe zvakare, akamira zasi ikoko. Uye nzira chete yawaikwanisa kucherechedza, kwete kubva padzidziso yavo yepamavambo, asi kubudikidza nehunhu hwaMwari.

³⁶ Paiva neruzha rwe—rwekudanidzira kweinzwi raMambo zasi kuno rwaive neIsraeri. Yananiso yakanga iri kushanda, Nyoka yeNdarira, Dombo rakarohwa. Uye Mwari vaiva navo, vachiZvizivisa vari muChiedza chemweya, uye vachipodza hurwere hwavo nehosha dzavo pavaifambira mberi. Hunhu hwacho hwakararatidza zvaVaiva, vachigara mumutsara weShoko rezera iroro, kuitira zera ravairarama mariri. Hunhu hwaMwari Vakazvizivisa naMosesi. Munoona, hunhu hwaMwari huchizivikanwa munaMosesi. Shongwe yeMoto, yananiso ichishanda, Dombo remweya, rakarohwa, uye ivo . . . zvakare Nyoka yeNdarira, ichitaura nezvekupodzwa, uyezve—zvino zvakare vakanga vari mugwara rebasa, revimbiso yaMwari.

³⁷ Zvakare, hunhu hwaMwari hausi hwepanyama. Hunhu hwaMwari ndehwemweya, nokuti iVo Musiki. Ivo ndeveMweya. Zvino kana hunhu hwaMwari hwotanga kuzviratidza, haunzwisisi ke chaizvo kune mafungiro echizvino-zvino zvekuti hunovavhiringidza. Havakwanise kuZvinzwisisa, asi haVambobvi pavimbiso yaVo. Mwari mumazera ose, ndakati, vakagovera Shoko.

³⁸ Ngatingotorai, semuenzaniso, mumwe chete. Paiva naJosefa, murume waMaria. Uye zvino akanga akatsidzirana nemudzimai wechidiki uyu, uye vakanga vari kuzoororana. Asi zvino vasati vasangana, akaonekwa ava nemimba yeMweya Mutsvene.

³⁹ Zvino, tose tinozvitenda, kana tiri Makristu. Tinofanira kuzvitenda kuti uve Mukristu. Ndiro Bhaibheri. Unofanira kutenda Shoko rose riri muBhaibheri, kuti uve Mukristu. Zvino, nokuti kana Mweya Mutsvene uri *muno*, Unotsinhira Shoko rose nevimbiso yose ne “ameni.”

⁴⁰ Nokuti, zvino, Josefa aiva murume akarurama, aiva murume akanaka. Uye pasina kupokana kuti Maria akanga amudza nezvekushanya kwaGabrieri, uye kuti aizofukidzwa sei neMweya Mutsvene, uye aifanira kubata pamuviri uye obereka Mwanakomana, uye Zita raKe raizonzi “Jesu,” zvokuti anofanira kunge akaudza Josefa izvozvo. Uye Josefa aikwanisa kutarisa mumaziso ake makuru ebhurauni, uye aikwanisa kuona kusava nemhosva kwazvo, uye aida kuzvitenda izvozvo. Aida kuzvitenda nomwoyo wake wose, asi zvakanga zvisina kujairika zvachose, uye akanga afunga kumuramba, pachivande.

⁴¹ Zvino, kana munhu akaperera mazviri, Mwari vanogadzira imwe nzira yokuratidza munhu iyeye kuti iChokwadi. Vakatosungirwa, kana wakaperera. Kana ukaChiona, uye wofamba uchibva paChiri, zvino uchazotongwa. Asi, kana wakaperera uye woona Chokwadi!

Zvino, Josefa aingova ne “mufungo” wakarurama. Akati, “Hazvina kujairika zvakanyanya!”

⁴² Ndiyo nzira nhasi, kuti vanhu, varume vakanaka, varume vakanaka, varume vane hunhu hwakanaka, vashumiri vakanaka, vazhinji vavo, vapisita nevamwe vakadaro, varume vakanaka, asi kusimbiswa kwepamweya kwechipikirwa chezuva ranhasi hakuna kujairika, kunovadzungaidza pfungwa. Kunodaro nokuti kuri kuratidza hunhu hwaMwari.

⁴³ Zvino, Josefa, murume wake, ari murume akarurama, asingadi kumunyadzisa paruzhinji. Haana kukwanisa kuzvitenda; iye—iye akaedza kudaro. Asi wakati achifunga pamusoro pezvinhu izvi, Mutumwa waJehovha wakataura naye ndokumuudza.

⁴⁴ Zvino, haVasungirwe nguva dzose kuti vataure nemuchiroto, Vanogona kuZviratidza kwauri neShoko, uye vokuratidza kuti Riri raiti, kana wakaperera zvakakwana kuti utarise maRiri

woona kana huri hunhu hwaMwari huri kuzviratidza, asi nguva dzose zviri muhumwe neShoko rakavimbiswa.

⁴⁵ Uye chimwe chinhu, Shoko raMwari rinogara richigadzirisa mhosho. Munozvitenda here izvozvo? Shoko rinozvigadzirisa. Kana Mwari vasimbisa Shoko iroro, rinozvigadzirisa.

⁴⁶ Zvino ngati, chimwe chete bedzi chiri mupfungwa dzangu chandingafunga. Hatizatora nguva yakawandisa, nokuti tinoda kunamatira vamwe vanorwara. Ngationei. Apo Jesu, ari Shoko...Bhaibheri rakati Aiva Shoko. Tose tinobvumirana nazvo, kuti Aiva Shoko. Cherechedzai paAive nemakore 12 ekuberekwa. Zvino, hatina nhoroondo yaKe achienda kuchikoro. Asi Mukomana mudiki ane makore 12 akareba zvakada *kudai*, ivo, mubereki waKe, Maria naJosefa vakaenda kutemberi kuno...kumusoro ku...kunonamata papaseka. Zvino pavakanga vari kumusoro ikoko, vakatanga kudzokera kumba mushure mepaseka, vakava nerwendo rwemazuva 3, uye havana kuwana Jesu chero kupi zvako. Zvino pakupedzisira vakaMuwana, mushure memazuva 3 ekuMutsvaga, ari mutemberi, achipikisana paShoko raMwari pamwe nevakuru ivavo.

⁴⁷ Uye teererai Maria zvino. Zvino kune vanhu vanomutora samwarikadzi, tarisai. Munooni, mu—mudzimai akanyengerwa pakutanga. Uye mutarisei pano. Kana musina kumbozvicherechedza, tarisai izvi. Akati, “Baba vaKo neni taKutsvaga, nemisodzi.” Cherechedzai, akapomera chapupu chacho (pamberi pevapisita vaya) chaakapupura nezvacho. Akati “akabata pamuviri peMweya Mutsvene,” uye pano akadana “Josefa” kuti baba vaKe.

⁴⁸ Zvino tarisai Mukomana iyeye ane makore 12, ari Shoko renguva iyoyo. Akanga ari Shoko rakavimbiswa renguva iyoyo, Mesiya akazodzwa. Tarisai zvaAkataura, “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?” Shoko rinogadzirisa mhosho. Munooni, uye cheMweya, Mwana ane makore 12! Handifunge kuti Jesu akanzwisisa zvaAkataura, asi Aiva Shoko, uye Shoko rinogadzirisa mhosho. Munooni, Akagadzirisa amai vaKe, ndokuvatsiura mukutaura kudaro. Zvino, kana dai raive riri—riri basa rababa vaKe, Angadai ari pamwe nababa vaKe, kana dai Josefa aiva baba vaKe.

⁴⁹ Asi, onai, akakanganisika uye akavhiringika, sezvakaita Evha, nekurunzirwa, handiti, akati, “Baba vako neni taKutsvaga, nemisodzi.”

⁵⁰ Akati, “Hamuzive here kuti Ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu?” Munooni kuti Shoko rinogadzirisa sei, Rinogadzirisa mhosho.

⁵¹ Satani akakanganisa paakaedza kuyedza Jesu. Asi Iye akadzoka neShoko raKe pachaKe, ndokumukunda neShoko.

⁵² “Mwari,” Bhaibheri rakati pano, “munguva dzakare uye nenzira dzakasiyana-siyana, Vakazvizivisa kuvaporofita vaVo, Vakataura kumadzibaba kuburikidza nevaporofita.” Zvino, vari kuratidza hunhu hwaVo hwekuZvizivisa, munoono, kumunhu, Vakataura kuvaporofita. Vaporofita, zviratidzo zvavo, zvakasimbiswa, hwaive—hwaive hunhu hwaMwari huchiziviswa nechiratidzo chemuporofita.

⁵³ Zvino, hapana munhu anogona kutsanangura chiratidzo, hapana nzira yekuzviita nayo. Ndezvemweya. Ndechimwe chinhu chaunoono zvakambovapo, zviripo, nezvichazovapo. Uye ndiyo yaive nzira yaMwari, yekutumira munhu akataura zvinhu izvozvo uye akaratidza zvinhu zvaizoitika (kwete manheru ano chete) husiku hwega-hwega, nguva dzose. Zvese zvaaitaura zvaifanira kunge zviri maererano naShe, zvaifanira kunge zviri Shoko raShe.

⁵⁴ Neizvi, zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka. Haugone kuita kuti maziso ako ave bhurauni iwo ari ebhuruu. Haugone kuzviita kuti uve nemafiti 6 kana uine mafiti 4 chete. “Ndiani nekufunga angawedzera kubiti rimwe pahurefu hwake?” Tiri, tose, zvatiiri nenyasha dzaMwari.

⁵⁵ Zvino, zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka. Vaporofita ava vakaberekwa vari vaporofita. Mosesi akaberekwa ari mwana akanaka. Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari, kubva nyika isati yavambwa, chizenga chaMwari. Jeremia...-12, makore 712, ndinotenda kuti aive, asati aberekwa, aive izwi remumwe, kwete, ndiregerereiwo, akagadzwa kuva muporofita kumarudzi, uye aka—uye akacheneswa mudumbu ramai vake ndokugadzwa muporofita kurudzi. Johane Mubhabhatidzi, wandiri kufunga nezvake, paine makore 712 asati azvarwa. Akanga ari inzwi reuyo anodanidzira ari murenje.

⁵⁶ Munoono, ndiMwari vari kugadza. Vanotumira munhu, ota Shoko rezera iroro. Asi zvino usati wagona kutenda Shoko iroro rezera iroro, VanoZvizivisa muhunhu hwaVo, munoono, nezivo, nechiratidzo. Vakataura zvinhu zvaizoitika, uye zvaitoitika. Zvino Mwari vakati, “Kana izvozvo zvaitika, zvino chitendai kuti ane dudziro yeShoko, nokuti Shoko raShe rinouya kumurume uyu.” Uye magwaro ake: anozivikanwa nekuva muoni, muTestamende Yekare. Zvakangojeka sezvazvinogona kuva! Hunhu hwake hunoratidzwa, hunoziviswa, hunhu hwake.

⁵⁷ Zvino, ndiwo “mashandiro akaita Mwari munguva dzakare,” Bhaibheri rinoti, “nenzira dzakasiyana-siyana, Vakataura kumadzibaba kuburikidza nevaporofita, asi mumazuva ano ekupedzisira kubudikidza naJesu Kristu, Mwanakomana waVo, Vanotaura.”

⁵⁸ Zvino, Jesu akati, muna Johane 10:37, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, ipapo musaNditenda.”

Munoono, vakati, “Uri Munhu, uye uri kuZviita Mwari.”

⁵⁹ Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, ipapo musaNditenda.” Zvino Akati, “Johane akanga ari chiedza chakajeka uye chinopenya. Imi, kwazvo, makafara kufamba muchiedza chake kwechinguvana. Zvino Johane akati, ‘Ndinofanira kubuda; Anofanira kukwirira.’” Akanga ari Chiedza cheniyika, nokuti Akanga ari Shoko rakasimbiswa, rakaziviswa rikaitwa nyama. Munoono, Akanga ari Mwari vanesu.

⁶⁰ Vaporofita vaiva Mwari vainavo. Jesu akataura kudaro. Akati, “Kana muchivadaidza avo Shoko raMwari rakauya kwavari kuti, ‘vanamwari,’ ko mungaNdipomera sei kana Ndichiti Ndiri Mwanakomana waMwari?” Maona? Saka apo Shoko rakataurwa naMwari rakasimbiswa, zvino ndiMwari vari kuZviviziva nehunhu hwaVo, vachizadzisa Shoko raVo. Haridi dudziro. Rakatodudzirwa kare, pachaRo, rinoratidza zvaRiri.

⁶¹ Zvimwe chete sezvaVakataura, “Ngakuve nechiedza,” chiedza ndokuvapo, haudi kuti uti, “Saka, zvanga zvichirevei izvozvo?” Zvinongoreva kuti, hezvoka izvo, zvinozviratidza. Zvakatoitika.

⁶² Zvino Jesu akataura kuti, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu,” kana namamwe mashoko, “kana Ndisina hunhu hwaBaba vaNgu, musazvitenda. Anozivisa hunhu hwaNgu, kuti ndiNi Ani. Kana musingaNditendi, zvino tendai kuziviswa kwakapihwa naMwari. Kana imi—kana mukasa... Kana Ndikasazviita, kana hunhu hwaNgu hukasazivisa chinzvimo chaNgu, zvadaro musatenda zvaNdinotaura.” Maona? Mazvibata here manheru ano? Vangani vazvinzwisisa, simudza ruoko rwako. Maona? “Kana hunhu hwaNgu hukasazivisa zvaNdinotaura kuti Ndiri,” akadaro Jesu, “zvino tendai... Kana musingakwanise kuNditenda, handiti, chingotendai ku—ku—kuziviswa kwehunhu hwaNdiri.”

⁶³ Johane 14:12, “Uyo anotenda” Jesu akati “maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.” Zvino tarisai, “Uyo anotenda maNdiri,” mutendi wechokwadi, “mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo.” Cherechedzai. Nemamwe mashoko, sezvizvi, “Uyo anotenda maNdiri, achazivikanwa nehunhu hwaNgu, mabasa.” Zvino, ndizvo zvaAkaita. Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba, zvadaro musaNditenda.” Uye Baba vakataura kuvaporofita, uye ndihwo hwaiva hunhu hwavo, kuziviswa. Ndizvo zvazvaivewo naJesu. Uye akazvivimbisa kune uyo anotenda, “Hunhu hwaNgu huchaita maari sezvahwakaita maNdiri. Uye kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvadaro musaNditenda. Asi kana Ndikaita mabasa, uye musingagoni kuNditenda, zvino tendai mabasa, nokuti akataurwa nezvawo, zvinofanira kudaro.”

⁶⁴ Akati, “Nzverai Magwaro, nokuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye Ndiwo aCho anokuudzai

kuti ndiNi Ani.” Aiva Jesu, munoona, Mwari vachiratidzwa, vachiZviratidza. “Anopupura kuti ndiNi Ani.” Zvinoita VaHebheru 1:1 zvino, “Mwari munguva yekare vakataura kubudikidza nevaporofita,” vachiratidza zvakajeka hunhu zvino hwerumuko rweMwanakomana waVo. Mwari vakataura nevaporofita kareko, asi zvino kubudikidza neMwanakomana waVo. Mwari vasingashanduki, hunhu humwe chete, “Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita.” Mwari, vanozivikanwa nehunhu hwaVo hwakaratiidzwa. Ndiwo maziviro aunoita.

⁶⁵ Unoti, “Zvinoka, ndinokuudzai *izvi*, tinoimba *izvi*, tinoita *izvi*, uye tinoita.” Handizvo zvandiri kutaura nezvazvo.

⁶⁶ Ndiri kutaura nezveShoko rakaratidzwa uye richizivisa . . . naro, hunhu hweShoko rakavimbiswa rezera.

⁶⁷ VaFarisei ivavo vaiziva Bhaibheri iroro zvakanaka semunhu wese, kupfuura chero ani zvake wedu vafundisi maziviro atinoita redu nhasi. Vaitofanira kurarama naRo. Baba-vababa-vasekuru vavo vaiva vapisita. VakaRinzvera, siku nesikati, asi vakatadza kuona Shoko iroro rakaziviswa.

⁶⁸ Nhasi, Luther akati, “Paunotenda, wava naWo.” MuMethodisti anoti, “Paunodanidzira, wava naWo.” MuPentekosti akati, “Pawakataura nendimi, wakava naWo.” Tinoona zvese izvozvo zvisirizvo! Vamwe vavo vakati, “Chibereko cheMweya chinaWo.” Uye handizvo! Humbowo chete ndehwekuti, kana kusimbiswa, kana Mwari pachaVo vaZvizivisa muShoko rakavimbiswa renguva. Hezvoka izvo.

⁶⁹ Ndiani aiva nezvibereko zveMweya kupfuura vapisita vekare vane mutsa, vaidzingisa vana nokuvaropafadza, nezvimwe zvose? Zvino hezvinoi muchinda uyu Jesu, akauya, akakava zvigadziko zvavo zvezvibayiro, akavatarisa nehasha, akavarova, akavadzinga, asina kana chiratidzo chechii zvacho. Gwaro ndiro kuziviswa kwaKe! Akanga asina kadhi reruwadzano, Akanga asiri wesangano ripi zvaro. Asi Mwari vakataura nezvaKe, ndiko kwaive kuziviswa kwaKe!

⁷⁰ Ndiko kuziviswa kwaMwari kwechokwadi munguva ipi zvayo, kuziviswa kwaVo. Ndizvo zvazviri, Magwaro akavimbiswa, achiziviswa nehunhu hwevimbiso inova iyo Mwari, uye Mwari iShoko. Uye hunhu hwevimbiso iyoyo huchiratidzwa, hunoita mutendi. Jesu akataura kudaro, uye ndizvozvo. Amen.

⁷¹ Cherechedzai, zvino tinoona kuti, hunhu hunoMuzivisa. “Kana . . .” Akati, “Kana hukasadar, saka musaNditenda.” Zvino, Jesu akataura kuti hwaizoMuzivisa.

⁷² Uye zvino rangarirai, kuti mumazuva ano, mazuva ano ekupedzisira, akati VaHebheru 1:1, “Mwari, munguva dzakare nenzira dzakasiyana-siyana, vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita. Muzuva rino rekupedzisira vakataura nesu kuburikidza neMwanakomana waVo, Jesu

Kristu.” Maona? Kuratidzwa kwaMwari pachaVo vachiratidzwa nenzira imwe chete sezvaVakaita munguva yekare-kare, vachishandisa hunhu hwaVo humwe chete. Amen. Cherechedzai vaHebheru 13:8, inoti, “Ndiye mumwe chete zuro (nguva dzakare), nhasi, nokusingaperi mumwe chete!” Maitiro aKe mamwe chete, nzira yaKe imwe chete, hunhu hwaKe humwe chete, zvinhu zvose zvimwe chete! Mwari, Mwari vasingashanduki havagoni kubva pane hunhu ihwohwo sekusabva kwaVanoita pamurairo waVo. Ndizvo zvaVari, iVo iShoko. Ndivo Shoko renguva. Ivo iShoko. PaVakasika nyika, rakanga riri Shoko. PaVakasika munhu, rakanga riri Shoko, zvizenga zvaVo. PaVakasika Kristu, vakanga vari Mwari, Imanueri. Zvino paVakaMuita Muponesi, hwaive huri hunhu hwaVo. PaVakaMuita Mupodzi, hwaive huri hunhu hwaVo. Maona? IShoko nguva dzose riri kuziviswa, Shoko rakaziviswa nehunhu hwaMwari. Cherechedza maitiro, iVo nguva dzose, haVamboshanduki.

⁷³ Tarisai varume 3 vakauya kuna Abrahamama, akagara pamukova wetende rake zuva iroro. Tichamutarisa ipapo kwemaminitsi mashoma. Akanga auya, akanga adanwa kubva munyika yevaKaradhea, vaKaradhea, neguta reUri. Akanga adzingwa muguta rake, nemirairo yaMwari, kuti azvipatsanure kubva pakusatenda kwese. Ndi hwo hunhu hwaMwari hwekutanga, zvipatsanure kubva pakusatenda, paVanodana munhu!

⁷⁴ Uye Vakamupa chimwe chinhu chakanga zvachose, chisingagoneki zvachose kupfungwa yenyama, kuchitenda. Vakati, “Abrahamama, yako...” Akanga ava nemakore 75 okuberekwa, uye Sara akanga ava ne 65. Ivo, uyo akanga ari hanzvadzi mwana wababa wekwamainini, vakanga vagara pamwe chete makore ose aya vasina vana. Vakati, “Ndichakupa mwanakomana naSara, uye achadaro, kubudikidza naye, Ndichakuita baba vemarudzi mazhinji.” Zvino, akazvitenda.

⁷⁵ Nguva yakapfuura, hapana kuita shanduko muna Sara. Maona? Akanga apfuura zera, a—akanga atodarika nguva yekuguma kubereka. 65, akanga atopfuura nguva iyoyo. Abrahamama, 75, muviri wake wakanga watofa. Chizvaro chake chakanga chatofa. Asi Abrahamama haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari, kubudikidza nekusatenda. Akaramba achitenda, nokuti Mwari vakazvitaure, uye aive akagutsikana, “Kana Mwari vakazvitaure, hunhu hwaVo hunoburitsa zvaVakataura!” Zvino, tinofanirwa kunge tiri vana vaAbrahamama, Mbeu yaAbrahamama! Ndokuenda, nokuenda, makore 25 ndokupfuura. Hapana mutsauko muna Sara, kana, kungoti akanga awedzera kuchembera, akombama, uye nemurumewo zvakare. Asi zvakadaro Abrahamama akazvitenda.

⁷⁶ Zvino rimwe zuva, Mwari pavakaona kuti muranda waVo akanga atsunga kuva muenzaniso kuvanhu vanhasi,

uye kuburikidza naye Vaizoropafadza marudzi, mamwe mangwanani aipisa dzingaita 11 o'clock, varume 3 vakauya vachifamba vakaenda kwaari. Vakataura naye. Zvino akavakoka mukati kuti vauye vagare pasi. Paiva nechimwe chinhu pamusoro pavo chaita sechakasiyana nemunhu. Zvinhu zvemweya zvinonzwisiswa nezvinhu zvemweya. Cherechedzai, zvino vakauyapo ndokugara pasi. Abrahamama akavatarisa, akati, "Ishe wangu." Chii chaanofanira kuita?

⁷⁷ Vaviri vavo vakadzika vakanoparidza muSodhoma, chinova chapupu chechimanjemanje nhasi. Heanoi mapoka enyu 3 evanhu: Sodhoma, nechechi zasi muSodhoma, Abrahamama Musanangurwa haasi muSodhoma. Vatumwa vaviri, Billy Graham wechimanjemanje na... Rangarirai, pavatumwa vose kuchechi, hakuna kumbobvira kwambove nemurume akamboenda muchechi iyoyo yezita kunze ikoko, achipedzisa zita rake na h-a-m, kumashure. Kwakambova na Finney, Sankey, Knox, Calvin, nevakadaro, Billy Sunday, nezvimwe zvose, asi kwete G-r-a-h-a-m, kana chero rinoguma na h-a-m, zvinoreva "baba vemarudzi." Ipapo akaenda zasi ikoko, achiparidza. Tarisai nguva yacho! Hevanoi vatendi vekabanga, vasingatendi, nevatendi. Varume 3 ava vakauya. 2 vavo vakadzika muguta, Billy Graham wechimanjemanje na Oral Roberts zasi pakati pevanhu, vachiparidza. Mamiriro acho, Jesu akataura nezvawo.

⁷⁸ Cherechedzai, Vasanangurwa vakanga vachiuya... vakagara kunze kumusoro kuno, Abrahamama neboka rake. Zvino apo Murume uyu akasara naAbrahamama, Mutarisei, Akaratidza hunhu hwaMwari, nokuti Akati, "Sara aripi?" Zita rake rainzi Sarai, nezuro wacho; zvino ndiSara, S-a-r-a. Akati "Abrahamama," kwete Abrama, "Abrahamama, mudzimai wako Sara, aripi?"

Akati, "Ari mutende shure kweNyu."

⁷⁹ Akati, "Ndichakushanyirai." Zvino Abrahamama akateerera kutaura ikoko. "Ndichakushanyirai maererano nenguva yehupenyu."

⁸⁰ Zvino Sara akasekera, tingati, mumoyo, kwaari iye, ndokuti, "Ini ndachembera, naishe wangu akwegura, kuti tigofara zvakare sevarume nemadzimai echidiki? Kana zviri zve—zvehukama hwevanhu, zvichida, zvakasopfuura makore akawanda. Ini?" Akaseka.

⁸¹ Zvino Murume uyu, akatarisa Abrahamama, Sara ari mutende shure kwaKe, akati, "Sei Sara aseka, achitaura izvi, 'Zvinhu izvi zvingaitika sei?'" AkaZvizivisa.

⁸² Zvino Abrahamama akaMudana kuti "Elohim." Zvino, chero ani wenyu imi vaverengi veBhaibheri munozviziva. Elohim, Mwari, Uyo Akazvikwanira muna Zvose, munooni, akazivikanwa ari mumutumbi wemunhu aidya nyama yemhuru,

achinwa mukaka wemhou, uye achidya chingwa nebhata. Elohim akazivisa hunhu hwaMwari, uye Abrahamu akaMudana kuti “Mwari.” Chii? Akazivikanwa, Elohim!

⁸³ Jesu akati, muna Ruka, chitsauko 17, apo mumazuva ekupedzisira (Mwari munguva dzakare vachitaura kubudikidza nevaporofita, mumazuva ekupedzisira neMwanakomana waVo), zvino tarisai, Vakati, “Munguva apo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa.” Tarisai, “kuzarurwa,” kuziviswa mumazuva ano ekupedzisira nguva yekuguma isati yasvika, apo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa, chinhano ichi cheSodhoma chichadzoka zvakare. “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu, paanenge Ari kuzarurwa, achiziviswa kuChechi, kune Vasanangurwa (kwete kuSodhoma kana vaSodhoma, kana avo vari zasi muSodhoma), kune Vasanangurwa.” Abrahamu aive Musanangurwa. Zvino Mbeu yehumambo yaAbrahamu ndivo vatendi, kubudikidza naKristu Jesu Shoko, uye ndivo Vasanangurwa. Uye Mwanakomana wemunhu paanenge achizarurwa, mamiriro iwayo achaitika zvakare.

⁸⁴ Tarisai nyika nhasi. Kana isiri Sodhoma neGomora zvamazuva ose, handisati ndamboona imwe. Sodhoma neGomora! Tarisai chechi, saRoti agere ipapo achingochemedza mweya wake wakarurama paaiona zvivi zveSodhoma. Vashumiri vazhinji vakagara mune yake... Murume akanaka akagara muimba yake yekuverengera, achitora rugwaro rwake nezvakadaro, anotarisa mumugwagwa uye achiona vakadzi vakapfeka zvikabudura, nehunzenza nezvinhu, nezvinhu zvichiitika saizvozvo, hapana chaanogona kutaura nezvazvo, sangano rake raizomudzinga. Roti akanga asina hushingi hwekumiririra iZvo zvakanga zvakanaka, ndizvo zvakaitawo Sodhoma neGomora yechimanjemanje nhasi.

⁸⁵ Asi kune vamwe veavo vari kunze kweSodhoma, vakaberekerwa kunze uko, kwete nekuda kwemunhu, asi nekuda kwaMwari neMbeu yaMwari. Tarisai kuziviswa kwacho ipapo, kwete kuparidza chete, asi chiratidzo chakazivisa Shoko raMwari rakaitwa nyama mumunhu. Mamiriro acho anodzokera kuve sezvaainbove, uye ndiro zuva racho chairo iroro. Zvese zvakanaka, zvese zviri mumutsara chaimo. Ndinoshuva kuti dai tanga tiine nguva yokuenderera mberi nazvo kwemaminitisi mashoma, asi hatina, saka tichakurumidza. Mamiriro acho ari kuzotsiviwa zvakare mumazuva ekupedzisira.

⁸⁶ Zvino, VaHebheru 10:1, “Mwari, munguva dzakare, nevaporofita, Vakazvivisa. Uye mumazuva ekupedzisira Vakazvivisa kuburikidza neMwanakomana,” vachiMuita VaHebheru 13:8, “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

⁸⁷ Cherechedzai, Mwari, munguva dzakare, vakataura naMosesi. Uye zvino, uye rangarirai, VakaZvivisa

neChiedza, Shongwe yeMoto mugwenzi raipfuta. Ndiwo maitiro aVakazviita munguva dzakare. Zvino Vakataura naMosesi. Zvino Chiedza ichocho, Chakaitei? Chakaburitsa hunhu hwaMwari, Chakataura Shoko, “Ndanzwa kugomera kwevanhu vaNgu zasi muEgipita. Ndaona kugomera kwavo uye ndanzwa kuchema kwavo, uye ndinorangarira Shoko raNgu. Ndichaburuka, Shongwe yeMoto, Chiedza, kuti ndiende kunodzikinura vanhu. Ndiri kukutuma iwe, Mosesi.”

⁸⁸ Tarirai hunhu hwaMwari. Ndokutora chanza cheguruva ndokurikandira mudenga, rikabva rashanduka kuita inda. Hunhu hweKusika hwaMwari hwaive muna Mosesi.

⁸⁹ Zvino Mosesi akataura, muna Dheuteronomio 18:15, akati, “Jehovha Mwari wenyu achasimudza Muporofita akafanana neni.” Zvino tarisai, ndiro Shoko zvakare, hunhu. Mwari vachitaura kubudikidza naMosesi, vachivaudza kuti Ishe vaizomutsa Mumwe akafanana naye. Zvino cherechedzai kuti hunhu hwaJesu hwakaMuzivisa sei kuva Shoko iri rakavimbiswa. Mosesi paakati zvaizovapo, hunhu hwaJesu hwakazviratidza. Cherechedzai zvino, “Jehovha Mwari wenyu,” anova Mwari, ndiro Shoko, “achasimudza Muporofita akafanana neni. Ani naani asingatende Muporofita iyeye, achagurwa kubva pakati pevanhu.” Zvino tarisai, Jesu paakauya, zvino imhandoi yehunhu hwaAizova nahwo? Munooni, cherechedzai zvino Shoko rakavimbiswa, Akanga avimbiswa kuva Muporofita akafanana naMosesi.

⁹⁰ Zvino, vakanga vava nemhando dzose dzevadzidzisi, mhando dzose dzavanarabhi. Vakanga vasina kumbova nemuporofita kwemakore 400, kubva—kubva pana Maraki, uye zvino kamwe-kamwe hepano pouya Munhu panzvimbo.

⁹¹ Zvino, paiva nemuredzi wehove, 2 vavo, vanakomana vemumwe munhu, uye mumwe wavo, zita rake rainzi Andrea, uye zita remumwe wacho rainzi Simoni. Vakanga vaudzwa nababa vavo kuti vaizotarisa sei mumazuva iwayo; kwaive nezvinhu zvakawanda zvenhema zvakasimuka. Mutana... Ndakaverenga kabhuku kadiki pane imwe nguva, apo, yaigona kunge yaive ngano, handizive, kuti akati, “Vanakomana, zvino Mesiya asati auya, sezvatiri kutarisira tose, pachava nenguva apo pachava nemhando dzose dzezvinhu zvichaitika. Asi nzira yauchaziva nayo Mesiya uyu, Achange ari maererano neGwaro. Achange ari Muporofita, nokuti Shoko raMwari rakati iYe Muporofita.”

⁹² Andrea akanzwa Johane. Zvakanaka, chinhu choga chaitwa naJohane, kwaingova kuporofita. Munoziva, Jesu akati, “Makafamba muchiedza chaJohane, asi Ndine Chiedza chikuru kupfuura Johane. Ndine chiratidzo chikuru kupfuura Johane, nekuti, mabasa ayo Baba vakaNdipa kuti ndiite, anopupura nezvaNgu.” Johane akangoparidza, akangofanotungamira,

haana kumboita chero zvishamiso hazvo kana chero hunhu hupi hwaMwari hwevimbiso. Asi hepanoi Jesu wouya nehunhu ihwohwo!

⁹³ Simoni akabuda kunoMunzwa rimwe zuva, uye pakarepo... Simoni zvichida akaenda naAndrea. Andrea ainge achiuya nguva dzose idzi. Asi, Simoni, paakauya muHupo! Zvino teererai, pakuvhara. Paakauya muHupo hwaJesu, Jesu akamutarisa, Akati, “Zita rako ndiSimoni, uye uri mwanakomana waJonasi.” Munoono, hunhu hwezvaive zvakavimbiswa hwakazivikanwa huri maAri.

⁹⁴ Murume iyeye aisakwanisa kusaina zita rake, Bhaibheri rakati akanga ari zvese uyo asina ruzivo uye asina kudzidza. Asi kwaiva kuziviswa kukuru, zvekuti akakurumidza kuramba kusatenda kwake kwese, zvino akati, “Ndiye Mesiya watanga takatarisira!” Zvakanaka, akaZvitenda.

⁹⁵ Paiva nemumwe akanga akamira ipapo ainzi Firipi, akamhanya achipotera guta, chikomo, kumaruwa, mamaira angangoita 15, ndokutora shamwari, ndokudzoka naye zuva rakatevera, ainzi Natanieri. Akamuwana ari pasi pemuti, achinamata. Akati, “Huya, uone Watawana, Jesu weNazareta, mwanakomana waJosefa.”

⁹⁶ Akati, “Iwe, iwe, iwe! Pangava nechinhwa chakanaka chingabuda muNazareta, kubva muboka revanhu vepasi-pasi zasi uko?”

Akati, “Huya uoneka!”

⁹⁷ Ndicho chakanakisa—ndicho chitaurwa chakanakisa chingaitwa nemunhu. Usagare kumba uchitsoropodza. Huya uone, nzvera Magwaro! Huya, uone!

⁹⁸ Vari munzira, vaifamba havo, vachitaura pamusoro pezvakananga zvichiitika, kuti akamuudza nezvaSimoni achiziviswa naYe, baba vake nevamwe vakadaro.

⁹⁹ Zvino paakapinda mumutsara, waigona kunge waive mutsara wekunamatirwa, aigona kunge aiva muungano, handizivi. Asi chero kupi kwaakasvikira, uye Jesu akamutarisa kekutanga, Akati, “Tarirai muIsraeri, asina nduru maari!”

Akati, “Rabhi, Makandiziva zvairinhi?”

¹⁰⁰ Akati, “Firipi asati akudana, pawakanga uri pasi pemuti, Ndakakuona.” Ndiko kwaiva kuziviswa kwehunhu hwaMwari kwakazodzwa.

¹⁰¹ Akati, “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari!” Chaiva chii? Hunhu hwaKe hwakaMuzivisa. Akaziva neMagwaro kuti akanga ari Munhu uya akazodzwa, Mwari vakazodzwa munyama. Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari. Akati, “Rabhi, ndiMi Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri.”

102 Jesu akati, “Nokuti Ndataura izvozvo, waNditenda here? Uchaona zvikuru kupfuura izvi.”

103 Zvino, paiva neavo vaive vakamira ipapo, vaisatenda Izvozvo. Vakati, “Murume uyu ndiBherizebhabhu, Atori muuki.”

104 Jesu akati, “Ndinokuregererai nekuda kwaizvozvo. Asi kana Mweya Mutsvene wauya kuzoita zvimwe chetezvo, shoko rimwe rinopesana naWo harizomboregererwi munyika ino kana nyika inouya.”

105 Munoono, yananiso yakanga isati yaitwa. Munoono, hazvaigoneka kudaro, haugone kuva . . . Haukwanise kukandwa mugehena usati wasvika pakutongwa. Nyika ino haingadaro, kana Mwari havangadaro. Munoono, uri panzvimbo, wakamirira uri mungetani dzejeri kusvikira wagamuchira mutongo. Uye, munoono, haAigona kuvadzinga, nokuti yananiso yakanga isati yaitwa.

106 Asi mushure merufu rwaKe, kuvigwa, uye Chiratidzo chakauya kubva muRopa, Mweya Mutsvene, zvino, kutaura zvinopesana naWo, chivi chisingaregererwe. Shoko rimwe chete bedzi ndiro roga raunogona kutaura uchipesana naWo, zvadaro hapana kuregererwa chero papi zvapo. Shoko rimwe rinopesana naWo, munoono, chinhu chikuru sei.

107 Zvino, saka zvino tinoona zvakare, izvi zvakaMuzivisa saMesiya akazodzwa. Mwari muna Kristu, Yananiso yemazuva ekupedzisira, Kristu achiita yananiso yemazuva ekupedzisira. Zvino, kuna Natanaeri, iye—iye—iye akaItenda uye akaMucherechedza.

108 Pane mudzimai mudiki akauya kutsime pane imwe nguva kumusoro kuSaika, guta re—reSamaria. Jesu aifanira kupfuura neko paAiva munzira yaKe achidzika, zasi chaiko nechikomo achibva kuJerusarema, achinopinda muJeriko, asi Akapoterai nekuSamaria. Akati “Aifanira kuenda,” Baba vakaMutungamirira ikoko. PaAkaenda ikoko, Akatuma vadzidzi kure. Ndokugara pasi, achishaya kuziva, ndinodaira kudaro, ndizvo zvazvaiva.

109 Zvino rangarirai, Mutsvene Johane 5:19, Jesu akati, “Zvirokwazvo Ndinoti kwamuri, Mwanakomana haagoni kuita chinhu maAri, asi zvaAnoono Baba vachiita.” Zvino rangarirai, haAna kumbobvira akaita chishamiso chimwe chete, kwete paAkachinzwa, paAkachi “ona”. “Mwanakomana haana chaanoita kusvikira Aona Baba vachichiita kutanga.”

110 Munoono, zvakaraidza zvaAiva, Muporofita uya, Muporofita aiva Mwari. Aipfuirira kuva Muporofita, Aiva Mwari! Zvose zvaiva vaporofita, zvaiva maAri, nezvimwe pamusoro. Vaporofita vaingova nechikamu cheShoko. Aiva neShoko rose, Aiva Shoko muhuzaro hwaRo. Asi cherechedzai, “Mwari munguva dzakare vakataura nenzira dzakasiyana-siyana, kubudikidza nemigove midiki. Muzuva rino

rokupedzisira, huzaro hweShoko hwauya muMwanakomana waVo Kristu Jesu, Mwari vakaitwa nyama pakati pedu.”

¹¹¹ Mudzimai muduku uyu, ane mbiri yakaipa, tinomudana, dzimwe nguva, kuti chipfeve. Zvichida mwana uyu akanga angoregedzerwa achipinda mumugwagwa. Dzimwe nguva sazvinu, haisi misikanzwa yevana, asi misikanzwa yevabereki, kurega mudzimai wechidiki uyu achibuda onoita saizvozvo. Pamwe mukadzi mudiki akanaka, akaenda ikoko kunitora bhaketi remvura, nenguva dzingaita 11 o'clock.

¹¹² Zvino rangarirai, kana wakambove kunyika dzekumabvazuva, havana kumboshanduka kana nepadiki zvapo, dzichiri tsika dzimwe chetedzo. Madzimai anobuda, mhandara dzinokurumidza kuenda kutsime dzonotora mvura yadzo. Chipfeve kana wembiri isina kunaka haakwanise kuenda navo. Havasangani pamwe chete.

¹¹³ Aitozobuda mushure mokunge vamwe vose vapedza. Akauya, pamwe akaneta, pamwe aive nemukomana wake mutsva iyeye, murume wake husiku ihwohwo. Akauyapo, akanga aine chirongo ichi chemvura, akachigadzika pasi. Akachiisa, chokudhaisa zasi, kuti achidzikise zasi, akanzwa Murume achiti, “Ndiunzirewo mvura yekunwa.”

¹¹⁴ Akatarisa ndokuona Murume wezera repakati nepakati akamira ipapo, akaita sekuchena mundeavu dzaKe. Aingova nemakore anenge 30 ekuberekwa, asi Bhaibheri rakati Aitaridzika kuva ne 50. “Uri murume asati adarika makore 50 okuberekwa, uye woti Wakaona Abrahamu?”

¹¹⁵ Akati, “Abrahamu asati avapo, NDIRI.” Maona? Munooni, havana kuZvinzwisisa. Aizunza zvikwekwe izvozvo kubva paAri.

¹¹⁶ Nhasi tinofanira kukumbira nekugombedzera, nekubhabhadzira nekukumbira, nekunyengedza nekuvimbisa Makristu, kuti vauye kuchechi, “Kana vakauya kuchechi, tichaita zvakati-nezvakati.”

¹¹⁷ Jesu, paAive panyika, Aiva nevakawandisa vaive pamwe naYe. Akatarisa-tarisa akaona ungano, Aida kuvabvisa, Akati, “Kunze kwekunge wadya nyama yeMwanakomana wemunhu nekunwa Ropa raKe, hauna Hupenyu mauli.”

¹¹⁸ Ungafungidzira here chiremba akagara kunze uko? “Handiti,” akati, “Murume uyu anoda kuti tive munhu anosveta ropa. Kunwa Ropa raKe? Hazvina maturo! Imi mose ibvai musiye Murume uyo anopenga ari ega.” Vakabva vaenda.

¹¹⁹ Haana kumboZvitsanangura. Haaifanira kuZvitsanangura. Anozunguza kutenda kwako pane imwe nguva kungoona zvauchazoita. Uye Ari kuita zvimwe chetezvo muzuva rino, hongu, kuzviita kuti zvityise zvisoma kwauri, kungoona paumire, kana uchitenda zvechokwadi.

¹²⁰ Rangarirai, ivo...-dzidzi, vakafanogadzwa naMwari, havana kumbotsukunyuka. Havaikwanisa kuZvitsanangura, naivowo, asi vakanga vasingadi kubva. Zvino Akauya zvakare, Akati...

Ungano yose iyoyo yakabva ichienda, zviuru.

¹²¹ Akati kune 70 vakagara ipapo, vashumiri vaKe vaAkanga agadza kuti vaende kunofanoparidza mberi kwaKe, Akati, “Ndichangovazunguza ndoona pavari.” Saka Akati, “Zvino, muchati kudini pamunoona Mwanakomana wemunhu achikwira Kudenga uko kwaAkabva?”

¹²² “Mwanakomana wemunhu achikwira Kudenga? Tinoraura naYe, tinorara pamahombekombe erwizi naYe. Tinodya naYe. Takaona chidyiyo chezvipfuwo chaAkaberekerwa machiri. Tinoziva amai vaKe, vanin’ina vaKe. Zvino Mwanakomana wemunhu uyu achikwira kumusoro uko kwaAkabva? Akabva kuNazareta! Uku kutaura kwakaoma.” Vakafamba vachiendawo, zvakare. Vakati, “Hatikwanise kuona iZvi.” Maona? Chii chakaitika? (Hazvina kumbozunguza vadzidzi ivavo. Havana kukwanisa kuZvitsanangura.) Vese vakabva vachienda. Haana kumboZvitsanangura. Aisasingirwa kudaro.

¹²³ Nhasi tine zvirimwa zvemugirinihausi, zvinonzi Makristu, mumwe munhu waunofanira kupfapfaidza nekubata sezai nekusekesa, “Uye munozondipawo ruwadzano, mungaita mushandira pamwe here, mungaita izvi here?” Oo, imi boka rezvirimwa zvemugirinihausi! Tinoda chimwe Chikristu chechokwadi, chakaberekwa neMweya waMwari. Uye chisingaiti zvmushandira pamwe, kwete chimwewo chinhu, hapana chavanoda.

¹²⁴ Jesu akatendeuka, akatarisa vadzidzi ivavo, akati, “Muchaendawo here, zvakare? Munoda kuendawo here, zvakare?” Akati, “Ndakasarudza 12 venyu, uye mumwe wenyu ndidhiyabhore. Madii maendawo, zvakare?”

¹²⁵ Zvino Petro akataura mashoko aye anorangarirwa, “Ishe, tingaenda kupi? Takagutsikana, tinoziva kuti ndiMi Tsime reHupenyu rakaziviswa. Mune Shoko, uye iRo roga. Takagutsikana.”

Mudzimai mudiki uyu akamira ipapo. Akati, “Ndiunzirewo mvura yekunwa.”

¹²⁶ Akati, “Hazvisi patsika dzedu, tine rusaruraganda, hatina chinhu chakadaro pano.”

¹²⁷ Akamuita kuti azive nekukurumidza kuti hapana musiyano pakati pemuJudha kana chero nezvaiva. Akanga ari Mwari. Akati, “Enda unotora murume wako mugouya pano.”

Akati, “Handina murume.”

¹²⁸ Akati, “Wataura chokwadi. Wakave ne 5, uye uyo wauri kugara naye zvino haasi wako.”

¹²⁹ Zvino tarisai mudzimai iyeye. Chimwe chinhu chakaitika, Mbeu diki iya yakafanotemerwa iri zasi mumoyo make!

¹³⁰ PaAkataura iZvozvo kuvaFarisei ivavo, vatarisei, vakangodzima pakupupura kwavo. Vaizviti Makristu, vaizviti vateveri, vaiti vanoMuda. Asi Chokwadi pachakauya, Chakavadzima.

¹³¹ Asi *iChi* pachakasvika, Chakaunza kuHupenyu, Chakabvisa rima ndokurichenesa rose. Akati, “Kupi. . .”

¹³² Akati, “Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita. Zvino, hatina kumbova nemumwe kwemakore 400.” Maona? “Ndinoona kuti Muri Muporofita. Zvino, tinoziva kuti kana Mesiya auya, Kuziviswa kwaKe kuchava mhando iyoyo yehunhu, Achatiudza zvinhu izvi.”

Iye akati, “Ndini iYe ari kutaurea newe.”

¹³³ Zvino, pane izvozvo, akadonhedza chirongo chemvura, ndokupinda muguta ndokuti, “Huyai, muone Murume andiudza zvinhu zvandakaita. Hausi iwo here hunhu chaihwo hwaMesiya akazodzwa anova Shoko, anoziva mifungo iri mumoyo? Handiye here Mesiya wacho?” Oo, ini zvangu!

¹³⁴ Tarisai, mudzimai aibuda ropa, Akazivikanwa naye, nehunhu hwaKe, kuti Aiva Mesiya. Mudzimai aibuda ropa akaMuziva, Shoko.

¹³⁵ VaHebheru 4:12, Bhaibheri rakataura kuti, “Shoko raMwari rine simba kupfuura munondo unocheka nemativi maviri, uye Munzveri wemifungo iri mumoyo,” (Vangani vanozviza?) “mupfungwa.” Ndizvo zviri Shoko. Munotenda here kuti Aiva Shoko? Munotenda here kuti ndiYe mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi? Uh-huh. Zvatopera, kana mukaZvitenda.

¹³⁶ Cherechedzai, mudzimai mudiki uyu akati, “Kana ndikangokwanisa kuMubata! Handina basa kuti vanotaura zvakanwanda sei nezvaKe. Ndinotenda kuti Atongori zvaAkataura kuti Aiva. Kana ndikakwanisa kuMubata, ndichapodzwa.” Saka akaverevedza ndokuMubata. Akadzokera muungano.

Jesu akamira, akati, “Ndiani aNdibata?”

¹³⁷ Zvino Petro akaedza kuMuita sekunge Aive mupengo, akati, “Handiti, munhu wese! Musataura zvinhu zvakadaro, manje, havazozivi zvekufunga pamusoro peNyu. Murume wechiyero cheNyu, zvino mobva mati, ‘Ndiani aNdibata?’ Munhu wese ari kuKubatai.”

¹³⁸ Akati, “Asi Ndanzwa kuti Ndapera simba, simba rabva maNdiri.” Aiziva kuti pane chimwe chinhu chaitika!

¹³⁹ Zvino tarisai, tarisai zvinouya, kuvhundutsa kukuru kwakatevera. Akatarisa-tarisa kusvikira Amuwana, zvino Akamuudza chinhanho chake, kutenda kwake kwakanga

kwamuponesa. Mudzimai aive...Iye akazivikanwa seShoko raMwari, achiziva zvakavanzika zvemoyo. Oo, ini zvangu! Shoko rinonzvera mutumbi, rinonzvera moyo.

¹⁴⁰ Zvino kwechinguvana, mukuvhara. Zvino, seVaHebheru 13:8 iri yechokwadi, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi,” munoZvitenda here? Zvino ndiri kusiya zvakaWanda pano zvandinofanira kutaura. Zvino, hunhu hwaKe hunoMuzivisa zvino munguva ino yazvino, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, sezvaAiva kareko. Ndizvo here? Akazvivimbisa. Uye, rangarirai, hunhu hwaKe ndihwo kuziviswa kwaKe. Vangani vanoZvinzwisisa, simudza ruoko rwako. Hunhu hwaKe ndihwo kuziviswa kwaKe.

¹⁴¹ Sevaya vakabva kuEmausi, ndichitaura izvi. Jesu akanga arovererwa pamuchinjikwa. Vose zvavo vakanga vakasuwa. Vakanga vari muguva. Zvino vakati, “Mumwe munhu auya akaMuba.” Rimwe zuva Akafamba achibuda mune mamwe makwenzi ndokufamba pamwe chete navo, paAienda kuEmausi. Zvino vanoti. . .

Akati, “Sei imi—sei imi makasuwa kwazvo?”

Akati, “Asizve, Unongova mutorwa pano.”

¹⁴² Uye zvakare paAkavapinza mukati, Akaita chimwe chinhu sechaAkamboita Asati arovererwa. Hwaiva hunhu hwaKe hwekuzviita nenzira iyoyo. Zvino vakacherechedza nekukurumidza, nehunhu hwaKe, kuti akanga ari Jesu mumwe chete akanga arovererwa pamuchinjikwa. Amen.

¹⁴³ Mwari vakaMumutsa kubva kuvakafa, uye nhasi hunhu hwaKe, sezvahari, hwakafanana nezvahwaiva kareko! Uye kudzoka kwemazuva eSodhoma, sekuporofita kwakaita Jesu, chinhu chimwe chete chinofanira kuitika “apo Mwanakomana ari kuzarurwa kuvanhu.” Kuziviswa kwehunhu hwaKe. VaHebheru 4:14 ne 15 inoti, “Iye zvino Muprisita wedu Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu,” sezvaAive kareko. Munozvitenda here? Hutera hwedu hunoMubata. Saka, kana hwaizvoMubata, Aizoita sei kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? Hunhu hwaKe hwaizova humwe chete. Zvino Aizoita sezvaAkaita apo mudzimai akabata nguvo yaKe. Munozvitenda here izvozvo? Anogara achirarama, Anogara ari mupenyu, uye hunhu hwaKe huchiri kuMuzivisa nhasi sezvaAiva kareko. Unotenda izvozvo nemoyo wako wese here? Mwari, vachizivikanwa nehunhu hwaVo, hunoVazivisa.

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁴⁴ Baba voKudenga, tinongori varume nemadzimai vagere pano manheru ano. Asi isu tiri, tingati, kubata Mwari patinobata Shoko. Uye, Baba, ndinotya kuedza kutaura chimwe chinhu changa chisiri muno umu. Ndinotya kuedza kuisa dudziro yangu pachangu kwaRiri, nekuti zvinogona kunge zvisizvo. Uye Makati, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe

kubva maRiri, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichabviswa kubva muBhuku reHupenyu.” Ko hupenyu hwangu hungabatsireiko zvino, Ishe, kana ndikaita chinhu chakaipa chakadaro? Saka ndinongoRitaura nenzira yaRiri.

¹⁴⁵ Uye, Baba, Makavimbisa kuti MuchaRizivisa. Ndinotenda kuti Makamuka kubva kuvakafa, makore 2,000 akapfuura, uye muri vapenyu manheru ano, muchidana vanhuwo zvavo sezvaMakangogara muchiita, mumwe *pano* nemumwe *apo*; pasina mapoka, pasina masangano, pasina tsika huru dzezvakanga zvaitwa nevanhu. Asi Makati Maizotora vanhu kubva kuMarudzi, vanhu, “2 vari mumunda; Ndichasiya mumwe, ndotora mumwe. 2 vari pamubhedha; Ndichasiya mumwe, ndotora mumwe,” vanhu pano neapo, kuitira Zita reNyu, Mwenga.

¹⁴⁶ Ndinotenda kuti hunhu hweNyu hunoKuzivisa. Makavimbisa, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma,” ndizvo zvazvichava muzuva raMakazarurwa, Shoko. Shoko pachaRo, renguva ino, rinofanira kuzarura Shoko pachaRo, seShoko rakauya kuvaporofita. Uye, Baba, tinoona Johane akamira pano panyika, uye paiva nesho—Shoko raaizarura. Uye Bhaibheri rakati, “Shoko rinogara richiuya kumuporofita.” Zvino Shoko raiva nyama ipapo, saka Rakafamba chaizvo richipinda mumvura, kuna Johane. Shoko rakauya kumuporofita.

¹⁴⁷ Mwari Baba, huyai manheru ano, ndinonamata, uye mutibatsire. Batsirai kusatenda kwedu. Tiregerereiwo pakukundika kwedu. Podzai vanorwara nevanotambudzwa. Shoko rimwe chete rinobva kwaMuri, Ishe, richareva zvinodarika chero chinhu chingataurwa nemunhu upi zvake. Imi chingotaurai, Baba, Shoko rimwe chete bedzi richareva zvakawanda kwazvo. Zvino, Muri mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Tinozvikumikidza kwaMuri zvino. Uye tinonamata kuti patinobva toenda kudzimba dzedu manheru ano, tichataura sevaya vakabva kuEmausi, pavakaMuona achiita chimwe chinhu chokuzivisa kwavari kuti Aiya Ishe wakamuka. Zvisinei nekuti vakataura zvakawanda sei, “Vakaba mutumbi waKe, uye—uye vakaita *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*,” vakaziva pachavo kuti Akanga amuka kubva kuvakafa. HaMungazviratidzawo here manheru ano kwatiri kuti muri mupenyu zvakare? Uye modaidza kwaMuri, avo vari muguta rakanaka iri nekwakapoteredza vakatemerwa kuHupenyu. Nokuti tinozvikumubira muZita raJesu. Amen.

¹⁴⁸ Zvino, ndichakukumbirai zvino kwemaminitsi angaita 15. Tichazongononoka nemaminitsi angaita 10. Ndichakurumidza. Ndinoda kudaidza makadhi okunamatirwa. Ndinotenda Billy. . . G, makadhi ekunamatirwa G, ndiwo akagoverwa here? G, makadhi ekunamatirwa G, ngatitorei 1 kusvika 15 kana 20, zvakadaro. G, 1. Vangani. . . Ndiani anga aine G, nhamba 1, simudza ruoko rwako, onai kana riri pano. [Chibenga chisina

chinhw patepi—Mupepeti] Uye, rangarirai, batai makadhi enyu ekunamatirwa, muchanamatirwa. Kana mukasaawana manheru ano, tichariwana. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, nechepano apa nokukasika kwamungagona, uye fambai muuye kuno chaiko mopinda mumutsara. Zvakanaka. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7. 3 haamo imomo. 7, 7, zvino 1, 2, 3... Ndiverengerewoka, nhai, Roy. Zvakanaka, 10. Zvakanaka, 1 kusvika 10. 15 zvino, G, 1 kusvika 15, ifif-... kana 10, 11, 12, 13, 14, 15. Zvakanaka. Ngati—ngatimirei ipapo, aya chete. Zvakanaka.

149 Zvino tiri—tiri kuedza kuchengeta shoko redu, munoono, kuti tinge tabuda na 9:30, asi hatisi kuzozviita manheru ano, ndi—ndi—ndinoziva. Asi zvino ndinoda kuti munhu wese anyatsoteerera zvizere.

150 Zvino, kana ndataura Chokwadi uye ndikakuudza kuti zvinhu izvi zvinofanira kuva saizozvo, uye hezvinoi izvi muBhaibheri, kuti ino ndiyo nguva yacho. Unogona kunge wakadzidziswa mune chimwe chikoro. Ndizvo zvaivawo vaFarise. Asi Bhaibheri rakati, nezuva iroro, “Mhandara ichabata mimba,” Iye... Yakazviita. Akati hunhu hwaMesiya hwaizova *saizvozvo*. Hwaiva hwakadaro. Asi havana kuZvitenda. Izvozvo hazvina kuMumisa kuti arambe achienda mberi vakadaro. Zvimwe chete sezvazviri zvino. Tiri kurarama mumaawa ekupedzisira ezuva rekupedzisira.

151 Sainzi inoti kwasara maminitisi 3 kuti tisvike pakati peusiku. Ndinofunga nguva yapera kupfuura ipapo zvino, chero nguva ipi zvayo. Communism yapararira nenyika, uye vaparidzi vari tevera communism pachinzvimbo chaKristu. Zvinongoita sekubuda kunze uchiedza kutsiura izvozvo, ko sei kusaona nguva yatiri kurarama mairi? Communism, isu hatina... Ini zvangu, ini zvangu! Handitye communism. Kuuya kwaShe kuchakubata usina kugadzirira, ndizvo zvazviri, kuchechi. Zvino regai munhu wese, regai America yose itendeukire kuna Mwari, uye motarisa zvinoitika kucommunism. Unofanira kuwana chirwere chacho, wobva watora mushonga wacho.

152 Zvino, munhu wese ngaaremekedze, ndapota musafambe-fambe. Zvino, vangani kunze uko vasina kadhi rekunamatirwa, uye uchida kuti Mwari vakupodze? Ingosimudza ruoko rwako, uti, “Ndi—ndi—ndi—ndiri kutenda.” Zvisinei kuti uri kupi.

153 Zvino tarisai, ndinofunga kuti *iyi* iri kushanda, [Hama Branham vanorova-rova uye vofuridzira mumaikirofoni—Mupepeti] *iyi*. Zvakanaka. Kana une... Muri kundinzwa here kumashure kuno? Zvakanaka. Zvakanaka. Zvino itarisei, Hama Roy.

154 Zvino, Shoko rimwe chete rinobva kuna Mwari rinoreva zvinodarika zvose zvandingataura.

¹⁵⁵ Zvino, sekutarisa kubva kuno, zvakaoma, izvi—izvi zvagara zvakadaro. Munoono, zviedza zvacho zviri kumeso kwako chaiko, uye zvakati omei kuona kunze uko kuti uone vanhu.

¹⁵⁶ Uye handizive. Handisi kukwanisa kuona munhu mumwe chete, chaizvoizvo, wandiri kuona zvino wandinoziva. Vangani venyu vandisingazive, simudza ruoko rwako, anoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro pako. Ndinofungidzira kuti vari kwese-kwese. Vangani vari mumutsara wekunamatirwa vanoziva kuti hapana chandinoziva pamusoro penyu? Simudzai maoko enyu. Vose mumutsara wekunamatirwa apo, kana muchikwanisa kundinzwa, simudzai maoko enyu kana—kana ndiri mutsva. Munhu wese.

¹⁵⁷ Zvino iYe chii? Ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu. Mudzimai uya akabata hanzu yaKe, anogona kunge aive asina kadhi rekunamatirwa, zvakare, asi akaMubata uye, paakadaro, chimwe chinhu chakaitika. Zvino iwe chibata nenzira imwe cheteyo, Mubate. Vangani vanoziva kuti VaHebheru, chitsauko 4, inoti, “Zvino ndiYe Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu”? Vangani vanozviza? Saka, Angaratidza here hunhu hwaKe humwe chete? Kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, Anozodaro. Zvakanaka. Zvino, uyu ndiye here. . .

¹⁵⁸ Hama Pearry, vaunzei kwandiri zvino. Zvino ndinoda kuti munhu wese anyatsova neruremekedzo. Ipo pano, ipo pano chaipo, hanzvadzi.

Zvino, muri kundinzwa here? Zvino, handizive. Tarisai chero ani ari pa—painjiniya apo, nekuti handizive kuti sei.

¹⁵⁹ Chiratidzo. Zvino, rangarirai, handisi Mesiya, handisi Kristu. Asi Ari pano. Ndizvo zvandiri kuedza kukuitai kuti muone, Ari pano, Ari kuchengeta Shoko raKe.

¹⁶⁰ Zvino, kana mudzimai uyu achirwara, handizive. Handimuzive. Iye mukuru kwandiri. Zvichida takaberekwa makore akasiyana, uye mamaira akasiyana, ino ndiyo nguva yedu yekutanga kusangana.

¹⁶¹ Zvino, zvakangaita saIshe wedu akasangana nemudzimai, muna Mutsvene Johane 4. Ndiri kuedza kuzvijekesa zvikuru kuti musatadza kuzviona, zvino, paChigaro cheKutonga, hapazova neropa pamaoko angu nezuva iroro. Zvino, Jesu akavimbisa kuti mumazuva ekupedzisira kuti izvi zvichaitika zvakare. Patiri kupfuura nemuvhiki rose, muchazoono. Ivimbiso.

¹⁶² Zvino, handizive mudzimai uyu, uyu murume nemudzimai vasangana kekutanga. Zvino, kana Ishe Jesu vakazarura kwandiri zvamavinga pano, kana mumwewo munhu, kana zvamuri kuita, kana dambudziko renyu, kana zvamakaita, kana zviri zvemari, zvemumhuri, chero zvazviri, zvinotongofanira kunge zvichibva kune rimwe Simba remweya, nokuti

handikuzivei. Vangani vachapupurira pazviri, zvinofanira kuuya kubudikidza neSimba remweya? Zvino, unogona kuita semuFarisei, woti chi... (Kune rimwe divi, Hama Roy, maonaka.) Unogona kuita sevaFarisei, woti, “Mweya wakaipa,” izvo vazhinji vanodaro. Zviri pakati pako naMwari, zvino. Zvino unowanawo mubairo wavo. Asi kana ukati, “NdezvaMwari,” zvino unowana mubairo waVo. (Zvino, zvave nani. Maita henyu.)

¹⁶³ Zvino chingonditarisai kwechinguvana. Sezvakataurwa naJesu... SaPetro naJohane pavakapfuura nepagedhi rinonzi Rakanaka, akati, “Nditarise.” Ini—ini handikuzivei. Uye zvino kana Mweya Mutsvene, Mumwe munhu asiri ini, akauya ozarura zviri mumoyo menyu, zvino Bhaibheri rakati, “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nekumativi maviri, Munzveri wepfungwa, zvinangwa zvemoyo.” Ndizvo chaizvo zvinotaurwa neBhaibheri. Zvino, rinozarura chakavanzika chemoyo. Zvino, ndihwo hunenge huri hunhu hwaMwari, Shoko raratidzwa muzuva rino. Vangani vanozvitenda zvino? Zvakanaka. Uh-huh. Zvino munoono here zvazviri?

¹⁶⁴ Zvino ndazviparidza, ndakuudzai nezvazvo, asi ichokwadi here? Ndicho chinhu chinotevera, munoono. Zvino, kana chiri chokwadi, mumwe nomumwe wenyu... Kana chisiri chokwadi, achazviziva. Zvirokwazvo, achazviziva. Muchazvizivawo, zvakare. Asi kana chisiri chokwadi, ipapo nda—nda—ndapupurira Kristu zvisizvo. Kana chiri chokwadi, mumwe nomumwe wenyu anofanira kupa mwoyo yenyu kwaAri, unofanira kuMutenda nomwoyo wako wose, uye wosveverera woMugamuchira pane chero chipi chaunoda. Ichokwadi.

¹⁶⁵ Zvino dai Mweya Mutsvene waZvizivisa muZita raJesu Kristu. Zvino, handizivi kuti mavingei. Munongotaridzika semudzimai akanaka, mudzimai akaita saamai kwavo akamira ipapo, uye ndizvo zvoga zvandinoziva nezvenyu. Asi Mweya Mutsvene unogona kuzarura zvamavinga pano, zviri dambudziko renyu, kana chimwe chinhu. Muchaziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Zvino, muri, zvacho zvamunodira munamato, ndechimwe chinhu setsandanyama dziri pachiso chenyu. Ndezvetsinga dzemanzwiro, tingati, muchiso chenyu. Zvino, kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Munotenda here?

Zvino, zvino unogona kuti, “Angoita zvekuzvifemba.”

¹⁶⁶ Zvino, munhu akanaka. Zvino, chingotaraisai kuno kwechinguvana, hanzvadzi. Handizive zvaAkuudzai. Asi chero zvazvanga zviri, changa chiri chokwadi. Mu—muri chapupu chazvo zvino, hamusi here? [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Ndizvozvo. [“Kwemakore 20.”] Ini zvangu! Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai nokuda kwaizvozvo? Zvino, munoziva kuti Hupo hwaVo, pane chimwe Chinhu pano chinokuzivai, chimwe Chinhu. Sezvakataurwa

naJesu kumudzimai, Akaziva paiva nedambudziko rake, zvino Anoziva paiva nedambudziko renyu.

¹⁶⁷ Uye zvinoita sekunge mune mutoro wemumwe munhu. Ndewenyu... Murume, murume wenyu. Ari panowo, zvakare. Ndizvozvo. Uye—uye munotenda here kuti Mwari vanogona kuzarura dambudziko remurume wenyu kwandiri? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, ndinotenda.”—Mupepeti] Murume anorwara chaizvo, ane zvakavhiringika. Chinhu chimwe chete chiri kumunetsa, idambudziko remoyo. Ane dambudziko remoyo. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. [“Ndizvozvo.”] Anewo hernia. [“Ndizvozvo.”] Ndizvozvo. Maona? Ndizvozvo here? Hongu. Kuhuta-huta chaizvo, hongu, kuhuta-huta chaizvo. Ichokwadi, handizvo here? [“Hongu.”]

¹⁶⁸ Kana Jesu akazarura kwandiri! Akaudza Petro kuti aiva ani. Kana Akandizarurira kuti ndimi ani, mungatenda here kuti ndiYe? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Hamubvi kuno. [“Kwete.”] Munobva kumabvazuva kwekuno, munobva kuLouisiana. [“Ndizvozvo.”] Ndizvozvo. Ndizvozvo. Uye zita renyu ndiMai Coleman. [“Ndizvozvo.”] Dzokerai kumba, Jesu Kristu anokupodzai. Kutenda kwenyu ndiko kunokupodzai.

¹⁶⁹ Zvino tendai. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Jesu Kristu achiZvizivisa murumuko rwaKe! Munoono zvandiri kureva? Zvino, chero munhu ane pfungwa dzakakwana, anoziva kuti hapana munhu anogona kuzviita.

¹⁷⁰ Zvino, imi kunze uko, taurai kuna Mwari sezvizvi, “Ndi—ndi—ndinoziva kuti murume uyu haandizive, saka ndichanamatira chimwe chinhu. Ishe, ndingabatawo here hanzu yeNyu? Kana zviri izvo, zvinoka MakaZvizivisa murumuko rweNyu. Tendeukai, regai ndiKubatei, uye Mobva mataura kubudikidza naye kwandiri.” Mugoona zvinoitika. Ingozvisedzai.

¹⁷¹ Makadini, changamire? Mungauyawo here nekuno nepedyo zvisihoma? Pane vanhu vari kumashure kwenyu uko, munoono.

¹⁷² Zvese zvino, mweya wako wese—wese, zvakangoita sekurova kwemoyo. Unozvibata, munoono, zvakarewo woziva mafungiro avo, uye zvinoita, munoono, unovhiringidzika chose.

¹⁷³ Munonditenda here kuti ndiri muranda waKe? Munotenda here kuti Kristu anogona kundizarurira zvamavinga pano? Rangarirai, tichasangana paDare reKutongwa rimwe zuva uye topindurira pamusoro peizvi manheru ano. Munozviziva here izvozvo? Dambudziko renyu, rimwe rawo, riri kumusana kwenyu. Mune matambudziko mazhinji. Mune dambudziko remusana. Uye maziso enyu ari kuenda, mune dambudziko remaziso. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvino, muri kuitawo chimwe chinhu chamuri kuda kubva pachiri. Zvakanaka here kuti ndichitaurere? Munoda kurega kuputa ikoko. Uye—uye chimwe chinhu, manga muine...munonzwa kuti ndicho changa chiri chinhu chakakudzivisai kuti

mugamuchire Mweya Mutsvene. Zvino munoda kugamuchira Mweya Mutsvene, chishuwo chiri mumoyo menyu. Ndizvozvo, ninirai maoko enyu sezvizvi. Zvino, zvakusiyai zvino, endai, munogamuchira Mweya Mutsvene, uye mugopodzwa. Mwari vakuropafadzei, changamire.

¹⁷⁴ Munotenda here? Zvino ndapota ivai neruremekedzo chaizvo. Zvino tava kunonoka zvikuru, ingogara makadzikama kwechinguvana.

¹⁷⁵ Makadiniko? Tiri vatsva mumwe kune mumwe. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Ishe Jesu vanotiziva tose tiri vaviri. Zvino musatya, munoono, makaita soku... Munoono, ingodzika, Hupo hwaKe. Munoono, ndizvozvo. Hupo hwaKe. Zvino mune manzwiro asinganzwisisike chawo, asinganzwisisike, akaita semanzwiro unotapira, akaita seakaninipa. Maona? Zvino, kumira muhupo hwemunhu hakungakuitei kuti munzwe saizvozvo.

¹⁷⁶ Vangani vakamboona Chiedza chiya, Shongwe yeChiedza ichocho, Moto? Chakatorwa imo muno muTexas, kekutanga, kechipiri. Chakaremba chaipo pamudzimai uyu, munoono, muchiyero ichi zvino. Ndinoshuva kuti dai maingo... kana mukangoona.

¹⁷⁷ Kana muri... Regai kufamba: ndizvo zvinozviita, munoono. Mangwana manheru tichava nemutsara wekunamatira uyu na 9 o'clock, munoono, ndi—ndiri kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Regai titorei mudzimai mumwe chete uyu, zvino. Mirai zvisoma.

¹⁷⁸ Munotenda here, makagara apo? Hongu, nekuda kwekushaya simba kwamunonetseka nako, ndizvo zvisina kumira zvakanaka. Maona? Chii chaabata? Handizive mudzimai uyu. Abata Muprisita Mukuru. Asi, munoono, ndanga ndiine musana wangu kwaari, sezvazvakaita munguva yaAbrahamu. Pano, tarisai kuno, hanzvadzi, kwechinguvana. Munaita semune mutoro pamoyo wenyu. Ndizvo. Mwanasikana wenyu ari kumashure uko. Ane dambudziko nenzeve dzake. Ndizvozvo. Munotenda here zvino nemoyo wenyu wese? Zvakanaka, chingotendai zvino, uye achapora.

¹⁷⁹ Munoono zvandiri kureva? “Kana muchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka.” Munotenda here?

¹⁸⁰ Pane mudzimai mudiki aisa ruoko rwake pasi kumashure uko, akanyatsonditarisa. Ari kurwara nechirwere cheshuga. Munotenda here kuti Mwari vanopodza chirwere cheshuga ichocho, vagere zasi uko? Zvakanaka, munogona kuwana zvamakumbira, zvino. Ingotendai.

¹⁸¹ Mudzimai ari uko kubva kwamuri, ane dambudziko reura nedambudziko redundira. Munotenda here kuti Mwari vanozvipodza izvozvo, voita kuti zviite zvakanaka? Zvakanaka, munogona kuwana zvamakumbira. Ruoko rwemudzimai

mudiki. Munoono, zvino tarisai, chingomubvunzai, chimwe Chinhu chinotapira kwazvo chamurova. Munoono, kutenda kwake, ndiko kuri kuzviita. Handisi ini. NdiMwari.

¹⁸² Pano, heuno murume akagara apa chaipo kumucheto. Ane dambudziko remachubhu emumapapu, murume wechikuru uyu akagara pano chaipo akanditarisa. Munotenda here kuti Mwari vachapodza izvozvo, changamire? Uyo akagara padivi penyu ari kurwariswa nehutachiona huri mumuviri wake. Ndizvozvo, hanzvadzi, vheyesai hengechepfu yenyu kana zviri izvo. Zvakanaka. Zvakanaka, imi mose isai maoko pamusoro pemumwe nemumwe, tendai nemoyo yenyu yose. Baba nemwanasikana, saka zvinotadza nei? Isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe uye tendai nemoyo wenyu wese, Jesu anokupodzai.

Ndi—ndinodenha kutenda kwenyu kuti muzvitende!

¹⁸³ Mudzimai akagara kumashure kwake chaiko uko, ari kurwara nedambudziko remudumbu. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, amai? Ndiro dambudziko renyu. Kana zviri izvo, simukai netsoka dzenyu kuti vanhu vaone. Maona? (Vari kubata ani kunze uko?) Nhaisi, handisi kukanganisa, havo amai venyu vakagara padivi nemi ipapo. Vane hutachiona huri muura hwavo. Munotenda here kuti Mwari vachapodza izvozvo, amai? Simukai, zvakare, mupodzwe.

¹⁸⁴ Tenda! Ndiye mumwe chete zuro, nhaisi, nokusingaperi. VanoZvizivisa. Munonditenda here kuti ndiri muporofita waKe, kana kuti muranda? Zvinogumbura vanhu, kuti “muporofita,” havanzwisise.

¹⁸⁵ Tarisai pano. Munotenda nemoyo wenyu wese here? Muri kurwara nekuhuta-huta kwakanyanyisa. Munotenda here kuti ndinogona kukuudzai kuti chii chakazvikonzera? Makaita tsaona yemotokari. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Ndizvozvo. Ndizvozvo, tsaona yemotokari, uye yakakuvadza musana wenyu ndokupinda pafudzi renyu. Ndizvozvo here? Zviri kuzokusiyai zvino. Ingori nguva yehupenyu zvakare ndiyo yakazvinetsawo, ichizvivhiringa, asi muchaita zvakanaka. Endai, tendai nemoyo wenyu wese. Jesu Kristu achakupodzai, kana mukatenda. Amen.

¹⁸⁶ Munotenda here? Munotenda here kuti Anogona kupodza arthritis? Zvakanaka, chingorambai muchifamba zvino, Achakupodzai.

¹⁸⁷ Vangani vanotenda nemoyo wenyu wese, vanoti, “Ndinotenda zvechokwadi nemoyo wangu wese?” “Kana uchigona kutenda!”

¹⁸⁸ Munotenda here kuti Anopodza chirwere cheshuga uye oita zvakanaka vanhu, vane chirwere cheshuga, uye ovapodza? Munozvitenda here? Ingorambai muchifamba, muchiti, “Ishe,

ndinoKutendai nokuda kwazvo.” Tendai nemoyo wenyu wese, uye muchapodzwa.

¹⁸⁹ Vangani vanotenda kunze uko zvino, nemoyo wenyu wese? Musadaro, munoona, muri kufamba-famba, muri kuUkanganisa, shamwari. Ndichakuudzai, vangani vanotenda? Ingosimudza ruoko rwako, uti, “Ndinotenda nemoyo wangu wese.”

¹⁹⁰ Zvino ndichakukumbira kuti uite chimwe chinhu. Zvino, kana Jesu achengeta Shoko raKe, uye achizvitenda, uye akazviratidza kwauri, Jesu akataurawo zvakare izvi, kutuma kwaKe kwekupedzisira kuChechi yaKe, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Zvino vangani vanotenda? Akati, “Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Munotenda vimbiso iyoyo here? Zvino isa maoko ako pane mumwe munhu ari padivi pako.

¹⁹¹ Kana Akasakupodzai, muchafa. Makafukidzwa nemumvuri. Asi Jesu Kristu anokupodzai. Munozvitenda here? Zvakanaka, isai enyu. . .endererai mberi muchitenda zvino, uye muchapora.

¹⁹² Huyai, amai. Munotenda here kuti Mwari vanopodza TB iyoyo nechirwere cheshuga, vokupodzai? Torai. . .Zvakanaka, endai, tendai nemoyo wenyu wese, mugopora.

¹⁹³ Kunamata, muri kunamatirana here? Isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe, ngatingonamatai, tose pamwe chete. Munhu wese isai maoko enyu mumwe pamusoro pemumwe. Nguva yave kupera. Isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe, uye ngatinamatei.

¹⁹⁴ Ishe Jesu, tine chokwadi chekuti Mwari vanoZvizivisa pakati pevanhu vaVo. Hunhu hwaVo, semumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, hunozviratidza. O Ishe Mwari, iMi Makaita vimbiso yeShoko, Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Vanhu ava vapupura kuti vatendi, vatendi muna Jesu akamuka Ari kuZvizivisa iye zvino nehunhu hwaKe humwe chete hwaAiva paAkanga ari pano panyika, achiita kuti Magwaro ave Chokwadi chemazvirokwazvo, kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ishe Jesu, nevatendi ava vane maoko avo pamusoro pemumwe nemumwe, muHupo hweMweya hweuyo Mwanakomana waMwari akamuka, akaziviswa Aitwa nyama pakati pedu zvakare manheru ano munyama yevatendi vaKe, ndinoraira mweya wese wetsvina, chirwere chose nehosha, kuti zvibve pavanhu ava, apo vatendi ava vaine maoko avo pamusoro pemumwe nemumwe. MuZita raJesu Kristu, ngazvive saizvozvo.

¹⁹⁵ Vese vachatenda kupodzwa kwenyu zvino, vanozvitenda izvozvi, muHupo hwaziviswa hweMwanakomana waMwari akamuka kuvakafa, kuti unotenda kuti wapiwa chikumbiro chako, uye uchazivisa chinhu chimwe chete, mira netsoka

dzako woti, “Ndinozvigamuchira nemoyo wangu wese.”
Simukai, munhu wese, muHupo hwaJesu Kristu, uyo anotenda.
Murumbidzei! Mupei rumbidzo nembiri. Ingosimudza maoko
ako uMupe kutenda. Mwari vachasimbisa vimbiso yose
yaVakaita. 

64-0311 Mwari Vanozivikanwa Nehunhu HwaVo
Municipal Auditorium
Beaumont, Texas U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org